Form **13614-C (HT)** (Oktòb 2013)

Depatman Trezò – Internal Revenue Service (Sèvis Enpo sou Revni)

# Feyè pou pran enfòmasyon preliminè/entèvyou ak pou kontwòl travay ki fèt la

Nimewo OMB 1545-1964

**W ap bezwen:**
- **Papye enfòmasyon enpo tankou W-2, 1099, 1098.**
- **Kat Sekirite Sosyal oswa lèt ITIN pou tout moun ki sou deklarasyon taks ou.**
- **Pyès idantifikasyon ki gen foto ladan (tankou yon lisans pou kondui ki valab) pou oumenm ak madanm oswa mari ou.**

- **Tanpri ranpli paj 1-2 nan fòm sa a.**
- **Se oumenm ki responsab enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo ou. Tanpri bay enfòmasyon ki konplè epi ki egzak.**
- **Si ou gen kesyon, tanpri mande volontè sètifye ki prepare deklarasyon enpo nan IRS la.**

## Pati I - Enfòmasyon pèsonèl ou

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. Prenon ou | Inisyal dezyèm prenon | Siyati | Èske w se sitwayen ameriken? ☐ Wi ☐ Non |
| 2. Non mari/madanm ou | Inisyal dezyèm prenon | Siyati | Èske mari/madanm ou sitwayen ameriken? ☐ Wi ☐ Non |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3. Adrès kote w resevwa lèt pa lapòs | # Apatman | Vil | Eta | Kòd postal |

4. Enfòmasyon sou kouman pou kontakte ou   Nimewo telefòn (yo)   Adrès imèl

| | | |
|---|---|---|
| 5. Dat nesans ou | 6. Tit ou nan travay la | 7. Ane pase, èske ou te: a. Full time student ☐ Wi ☐ Non<br>b. Andikape totalman epi pou tout tan ☐ Wi ☐ Non c. Avèg dapre lalwa ☐ Wi ☐ Non |
| 8. Dat nesans mari/madanm ou | 9. Tit travay mari/madanm ou | 10. Ane pase, èske madanm oswa mari ou te: a. Full time student ☐ Wi ☐ Non<br>b. Andikape totalman epi pou tout tan ☐ Wi ☐ Non c. Avèg dapre lalwa ☐ Wi ☐ Non |

11. Èske gen nenpòt moun ki kapab mete w kòm depandan nan deklarasyon enpo sou revni li? ☐ Wi ☐ Non ☐ Pa Sèten

12. Èske oumenm oswa madanm oswa mari ou: a. Te yon viktim vòl idantite? ☐ Wi ☐ Non b. Adopte yon timoun? ☐ Wi ☐ Non

## Pati II - Eta sivil ak enfòmasyon sou tout moun lakay ou

1. Apati 31 desanm ane pase, èske ou te:
- ☐ Selibatè
- ☐ Marye   Èske w te abite ak mari/madanm ou pandan nenpòt kantite tan nan sis dènye mwa 2013 yo? ☐ Wi ☐ Non
- ☐ Divòse oswa separe devan lalwa   Dat dènye papye divòs la oswa akò separasyon byen an ____________
- ☐ Vèf/vèv   Ane lanmò mari/madanm ou ____________

2. Nan espas anba a, bay lis non:   Si ou bezwen espas anplis, tcheke kazye sa a ☐ epi fè yon lis nan paj 4
- **tout moun** ki te abite avèk ou ane pase (eksepte oumenm ak madanm oswa mari ou)
- **nenpòt moun** ou te sipòte men ki pat abite avèk ou ane pase

| Non (prenon, siyati) Pa mete non pa w ni non mari/madanm ou nan espas ki pi ba la a. (a) | Dat nesans (mm/jj/aa) (b) | Kisa li ye pou ou (pa egzanp: pitit gason, pitit fi, manman/paa, okenn, eksetera) (c) | Kantite mwa yo te abite lakay ou ane pase (d) | Sitwayen ameriken (wi/non) (e) | Rezidan Etazini, Kanada, oswa Meksik ane pase (wi/non) (f) | Selibatè oswa marye apati 31/12/13 (S/M) (g) | Etidyan a tanplen ane pase (wi/non) (h) | Andikape totalman epi pou tout tan (wi/non) (i) | **Se espesyalis deklarasyon enpo ki volontè sètifye a ki dwe ranpli seksyon sa a:** Èske yon lòt moun ka mete moun sa a kòm yon depandan sou papye deklarasyon enpo li? (wi/non) | Èske moun sa a te bay plis pase 50% nan pwòp sipò pa li? (wi/non) | Èske moun sa a gen revni ki mwens pase $3900? (wi/non) | Èske kontribyab la (yo) te bay plis pase 50% nan sipò pou moun sa a? (wi/non) | Èske kontribyab la (yo) te peye plis pase lamwatye nan kantite li koute pou mentni yon kay pou moun sa a? (wi/non) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | |

**Nou fòme volontè yo pou bay pi gwo kalite sèvis ki genyen yo epi pou mete an pratik pi gwo prensip moral ki genyen yo.**
**Pou rapòte konpòtman ki pa respekte prensip moral yo bay IRS, voye imèl ba nou nan wi.voltax@irs.gov oswa rele nimewo telefòn gratis la 1-877-330-1205.**

| Wi | Non | Pa Sèten | Tcheke kazye ki apwopriye a pou chak kesyon nan chak seksyon. |
|---|---|---|---|
| **Pati III - Revni - Ane pase, èske ou (oswa madanm/mari ou) te resevwa** | | | |
| ☐ | ☐ | ☐ | 1. (B) Peman oswa salè? (Fòm W-2) Si ou reponn wi, konbyen djòb ou te genyen ane pase? _____ |
| ☐ | ☐ | ☐ | 2. (A) Revni ki fèt nan poubwa? |
| ☐ | ☐ | ☐ | 3. (B) Bousdetid? (Fòm W-2, 1098-T) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 4. (B) Enterè/dividann ki fèt nan: kont kouran/kont epay, bon, CD, komisyon? (Fòm 1099-INT, 1099-DIV, 1099-DIV) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 5. (B) Ranbousman enpo sou revni pou eta /lokalite? (Fòm 1099-G) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 6. (B) Revni pansyon alimantè? |
| ☐ | ☐ | ☐ | 7. (A) Revni ki fèt nan travay endepandan? (Fòm 1099-MISC, kach) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 8. (A) Peman kach/chèk pou nenpòt travay ki fèt men ki pa rapòte sou Fòm W-2 oswa 1099? |
| ☐ | ☐ | ☐ | 9. (A) Revni (oswa pèt) nan vann aksyon, bon oswa byen imobilye? (san ou pa bliye kay pa w) (Fòm 1099-S, 1099-B) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 10. (B) Revni pou enkapasite? (pa egzanp peman asirans oswa asirans pou aksidan nan travay [workers compensation]) (Fòm 1099-R, W-2) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 11. (A) Distribisyon ki soti nan pansyon, anwite ak/oswa IRA? (Fòm 1099-R) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 12. (B) Benefis chomaj? (Fòm 1099-G) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 13. (B) Sekirite Sosyal oswa Railroad Retirement Benefits (Benefis retrèt pou moun ki travay nan chemennfè)? (Fòm SSA-1099, RRB-1099) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 14. (M) Revni (oswa pèt) nan pwopriyete ki nan lwaye? |
| ☐ | ☐ | ☐ | 15. (B) Lòt revni? (jedaza, lotri, prim, rekonpans, manm jiri, Sch K-1, eksetera) (Fòm W-2G) Bay detay ____________ |
| **Pati IV - Depans - Ane pase, èske ou (oswa mari/madanm ou) te peye** | | | |
| ☐ | ☐ | ☐ | 1. (B) Pansyon alimantè ? Si se wi, èske w gen nimewo sekirite sosyal moun ki te resevwa pansyon alimantè a? ☐ Wi ☐ Non |
| ☐ | ☐ | ☐ | 2. Lajan ou kontribye nan yon kont pou retrèt? ______ IRA (A) _______ Roth IRA (B) _______ 401K (B) ______ Lòt |
| ☐ | ☐ | ☐ | 3. (B) Depans pou edikasyon apre lekòl segondè pou oumenm, mari/madanm ou oswa depandan yo? (Fòm 1098-T) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 4. (B) Depans anplwaye fè pou biznis men ki pa ranbouse? (tankou inifòm oswa mileyaj) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 5. (B) Depans medikal ? (sa vle di lajan ou peye pou asirans maladi tou) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 6. (B) Enterè pou ipotèk sou kay? (Fòm 1098) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 7. (B) Taks pou pwopriyete pou kay ou oswa taks pou byen pèsonèl pou machin ou? (Fòm 1098) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 8. (B) Kontribisyon charitab? |
| ☐ | ☐ | ☐ | 9. (B) Depans pou swen pou depandan ou yo, pa egzanp depans pou gadri? |
| ☐ | ☐ | ☐ | 10. (B) Pou founiti yon anseyan ki kalifye itilize, tankou yon pwofesè, asistan pwofesè, konseye, eksetera? |
| ☐ | ☐ | ☐ | 11. (A) Depans ki gen rapò ak revni ki fèt nan travay endepandan oswa nenpòt lòt revni ou resevwa? |
| **Pati V - Evènman - Ane pase, èske ou (oswa mari/madanm ou) te** | | | |
| ☐ | ☐ | ☐ | 1. (HSA) Gen yon kont epay pou lasante? (Fòm 5498-SA, 1099-SA W-2 ki gen kòd W nan Kazye 12 la) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 2. (COD) Gen dèt pou yon ipotèk oswa yon kat kredi yon konpayi ki prete moun lajan te anile/padone? (Fòm 1099-C) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 3. (A) Achte, vann kay ou oswa èske yo te sezi kay ou (COD)? (Fòm 1099-A) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 4. (B) Gen rediksyon nan enpo pou revni ki fèt nan travay (EIC) men yo pat pèmèt ou pran rediksyon sa a nan yon ane ki deja pase? Si se wi, pou ki ane fiskal? _____ |
| ☐ | ☐ | ☐ | 5. (A) Achte epi enstale atik ki ede ekonomize enèji nan kay ou? (pa egzanp fenèt, fwaye, izolasyon pou chofaj, eksetera) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 6. (B) Abite nan yon zòn yon katastwòf natirèl te afekte? Si se wi, ki kote? ____________ |
| ☐ | ☐ | ☐ | 7. (A) Resevwa Kredi pou moun ki achte kay premye fwa nan ane 2008? |
| ☐ | ☐ | ☐ | 8. (B) Peye nenpòt enterè sou lajan etidyan prete pou al lekòl? (Fòm 1098-E) |
| ☐ | ☐ | ☐ | 9. (B) Fè peman taks ou kalkile davans oswa aplike ranbousman ane pase a pou peye taks ane sa a? Si se wi, konbyen? ____________ |
| ☐ | ☐ | ☐ | 10. (A) Ranpli yon deklarasyon taks federal pou ane pase ki genyen yon “pèt sou manman lajan ki rapòte yon lòt lè” sou Fòm 1040 Schedule D? |

**Pati VI - Enfòmasyon anplis ak kesyon ki gen rapò ak preparasyon deklarasyon enpo sou revni ou la**

**Fon pou Kanpay Elektoral Prezidansyèl** *(Si w tcheke yon kazye, sa pap chanje taks ou ni ranbousman ou)*
Tcheke kazye sa a si oumenm, oswa mari/madanm ou vle pou $3 al nan fon sa a, si oumenm ak mari/madanm ou ranpli deklarasyon enpo sou revni ansanm ☐ Oumenm ☐ Mari/madanm

**Si nou dwe ranbouse ou lajan, èske ou ta renmen**

Depo dirèk ☐ Wi ☐ Non

Achte U.S. Savings Bonds (Obligasyon epay nan Etazini) ☐ Wi ☐ Non

Distribye ranbousman an ant plizyè kont ☐ Wi ☐ Non

Si w dwe lajan, èske w ta renmen peman an soti dirèkteman nan kontanbank ou? ☐ Wi ☐ Non

**Gen anpil kote ki prepare deklarasyon enpo sou revni ki resevwa lajan sibvansyon pou fè travay sa a. Kote sa a kapab itilize enfòmasyon ki nan kesyon sa yo pou li fè aplikasyon pou sibvansyon. N ap itilize repons ou yo pou estatistik sèlman.**

Apre angle ki lòt lang moun lakay ou pale? ______________________ ☐ Prefere pa reponn

Èske yo konsidere oumenm oswa yon moun lakay ou kòm yon moun enfim? ☐ Wi ☐ Non ☐ Prefere pa reponn

**Espesyalis nan preparasyon deklarasyon enpo ki travay kòm volontè sètifye nan IRS epi ki patisipe nan pwogram VITA ak TCE yo dwe itilize yon pwosesis ki kòrèk pou pran enfòmasyon preliminè/fè entèvyou pou prepare chak deklarasyon enpo.**

**Anvan ou prepare deklarasyon taks la:**

- Fè entèvyou ak kontribyab la, poze kesyon apwofondi pou klarifye enfòmasyon ki sou fòm sa a epi pou konfime si enfòmasyon kontribyab la bay la konplè ak egzak.
- Korije nenpòt enfòmasyon ki pa konplè oswa ki pa egzak sou fòm sa a, epitou korije tout repons ki "pa sèten" tou.
- Revize tout dokiman ki jistifye enfòmasyon kontribyab la bay. (Fòm W-2, 1099, resi pou peman, eksetera)
- Itilize Piblikasyon 4012, Volunteer Resource Guide (Gid ki sèvi kòm resous pou volontè) ak Piblikasyon 17, Your Federal Income Tax (Enpo federal sou revni ou) pou konfime desizyon lalwa fiskal yo.

**Egzijans VITA/TCE pou dilijans rezonab espesyalis deklarasyon enpo yo**

- Tout volontè IRS ki sètifye dwe pratike dilijans rezonab. Sa vle di, antan yon volontè, ou dwe fè travay ou lè w ap prepare oswa fè revizyon kalite yon deklarasyon enpo pou garanti enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo a kòrèk epi yo konplè.
- Fè travay ou vle di: konfime idantite yon kontribyab (ansanm ak madanm/mari li, si genyen) epi bay gwo kalite sèvis epi ede kontribyab yo konprann epi satisfè responsablite fiskal yo.
- Anjeneral, antan yon volontè IRS ki sètifye, ou ka konte sou enfòmasyon yon kontribyab bay ak tout bòn fwa. Men, yon pati nan dilijans rezonab la egzije pou mande yon kontribyab pou li klarifye enfòmasyon ki ka sanble yo pa daplon oswa pa konplè. Lè w ap revize enfòmasyon pou wè si yo kòrèk, ou dwe mande tèt ou si enfòmasyon an yon jan dwòl oswa si gen dout nan enfòmasyon an.

**Fè yon efò pou jwenn yon repons**

**Lè ou gen dout:**

- Chèche èd nan men kowòdonatè biwo a oswa yon espesyalis ki travay kòm volontè sètifye ki gen plis eksperyans.
- Chèche nan piblikasyon yo (pa egzanp, Piblikasyon 17, Piblikasyon 4012, Piblikasyon 596, eksetera).
- Chèche repons ou nan www.irs.gov
- Chèche zouti Interactive Tax Assistance [Èd Fiskal Entèyaktif] (ITA) yo pou adrese kalifikasyon dapre lalwa fiskal yo.
- Rele nimewo telefòn kote yo bay enfòmasyon nan VITA (Gade nan Piblikasyon 4012).
- Bay kontribyab yo konsèy pou yo chèche jwenn èd yon espesyalis deklarasyon enpo si ou pa kapab adrese pwoblèm lalwa fiskal yo.

Si a nenpòt moman ou pa alèz ak enfòmasyon ak/oswa dokiman kontribyab la bay yo, ou pa dwe prepare deklarasyon enpo a.

| **Pati VII-Seksyon pou Verifikatè Kalite ki Volontè Sèifye nan IRS** |
|---|
| **Revize deklarasyon enpo a ak kontribyab la pou ankouraje presizyon.** |
| 1. Ou verifye **Idantite** kontribyab la (ak madanm/mari li) ak yon pyès idantite ki gen yon foto ladan. |
| 2. Espesyalis deklarasyon enpo/verifikatè kalite ki travay kòm volontè a **sètifye** pou prepare/verifye deklarasyon enpo sa a. |
| 3. Ou te pale sou tout kazye ki **pa sèten** yo ak kontribyab le epi yo te make wi oswa non yon jan ki kòrèk. |
| 4. Ou te pale sou **enfòmasyon** ki nan paj 1 ak 2 yon jan ki kòrèk epi ou te transfere yo sou deklarasyon enpo a. |
| 5. Ou te verifye non, nimewo, **SSN, ITIN,** ak **EIN**, kòrèkteman epi ou te transfere yo nan deklarasyon enpo a. |
| 6. Ou te verifye **estati** nan deklarasyon enpo a epi li kòrèk. |
| 7. **Egzanpsyon pèsonèl** ak pou **depandan** yo te rantre kòrèkteman nan deklarasyon enpo a. |
| 8. Tout **Revni** (menm revni ki gen dokiman ki pwouve sous la oswa ki pa gen dokiman ki pwouve sous la) ki tchecke "wi" nan pati III te transfere kòrèkteman nan deklarasyon enpo a. |
| 9. **Modifikasyon** yo kòrèk. |
| 10. **Dediksyon estanda, dediksyon anplis** oswa **dediksyon detaye** yo kòrèk. |
| 11. Yo rapòte tout **kredi** korèkteman. |
| 12. **Dediksyon** yo parèt sou Fòm W-2, 1099 ak **estimasyon peman ou fè sou kantite taks** rapòte kòrèkteman. |
| 13. **Depo Dirèk/Debi** ak nimewo kont kouran/kont epay kòrèk. |
| 14. **SIDN** la kòrèk nan deklarasyon enpo a. |
| 15. Nou fè kontribyab la (yo) konnen se limenm ki **responsab** enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo li. |

| Non/inisyal espesyalis nan deklarasyon taks ki volontè sètifye a (ochwa) | Non/inisyal verifikatè kalite ki volontè sètifye (ochwa) |
|---|---|
| | |

Kòmantè anplis

Nòt anplis espesyalis nan preparasyon taks la

**Lalwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl ak Avi konsènan Lalwa sou Rediksyon Kantite Travay ki fèt sou Papye**

Lalwa 1974 sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl egzije, lè nou mande enfòmasyon, pou nou di ou dwa legal nou genyen pou mande enfòmasyon an, poukisa n ap mande li, epi kouman nou pral itilize li. Nou dwe di ou kisa ki ka pase si nou pa resevwa li, epi si repons ou se yon bagay ki volontè, si li egzijib pou jwenn yon avantaj oswa si li obligatwa.

Dwa legal nou genyen pou mande enfòmasyon an se 5 U.S.C. 301. Nou mande enfòmasyon sa a pou ede nou kontakte ou konsènan enterè ou ak/oswa patisipasyon ou nan pwogram preparasyon deklarasyon enpo kòm volontè nan IRS ak patisipasyon kominotè. Nou ka voye enfòmasyon ou ba nou yo bay lòt òganizasyon ki kowòdone aktivite epi anplwaye pèsonèl nan biwo volontè ki prepare deklarasyon enpo oswa aktivite pou patisipasyon kominotè. Nou ka itilize enfòmasyon an tou pou etabli kontwòl efikas, voye korespondans epi rekonèt volontè yo. Repons ou se yon bagay ki volontè. Men, si ou pa bay enfòmasyon nou mande a, IRS ka pa kapab itilize èd ou nan pwogram sa yo.

Lalwa sou Rediksyon Kantite Travay ki fèt sou Papye egzije pou IRS afiche yon nimewo kontwòl OMB sou tout demann pou enfòmasyon piblik. Nimewo Kontwòl OMB pou etid sa a se 1545-1964. Epitou, si w gen nenpòt kòmantè konsènan estimasyon kantite tan sa dwe pran nan etid sa a oswa si w gen sijesyon sou kouman pou rann pwosesis sa a pi senp, tanpri ekri Internal Revenue Service, Tax Products Coordinating Committee, SE:W:CAR:MP:T:T:SP, 1111 Constitution Ave. NW, Washington, DC 20224.